


# KUWIRIRANISA MITEMO YEMBEU MUAFRICA PACHISHANDISWA SADC NECOMESA



**K**uwiriranisa mitemo yembeu zvinoreva kuti nyika dzose dziri munharaunda iyi dzichashandisa mitemo mimwe chete, nzira dzimwe chete pakupa magwaro uye kuongorora mbeu, mitemo mimwe chete pakuchengetedza mbeu kubva kuzvirwere nezvipfukuto uye pakuuchika nekutengesa mbeu. Pachava negwaro redhunhu (*Regional Seed List*) imwe chete kana kuti *Regional Seed Catalogue* imwe chete inenge iine mashoko akakwana maererano nembeu dzinenge dzabumurwa nyika dzose dzichimirirwa nedare rimwe chete. Izvi zvinoreva kuti kana mbeu ichinge yangotenderwa kuti ive paRegional Seed List, mbeu inenge yauchikwa uye yayedzwa kwemwaka miviri chete munyika imwe chete inogona kuuchikwa nokutengeswa mune dzimwe nyika dziri munharaunda yacho.

Kuwiriranisa mitemo yembeu muAfrica kunotariswa neREC (Regional Economic Communities). Mitemo yembeu yesangano reSouthern African Development Community (SADC) inoshanda munyika gumi neshanu (15) dzesangano iri, ukuwo mitemo yembeu yesangano reCommon Market for Eastern and Southern Africa (COMESA) inoshanda munyika gumi netanhatu (19) dzesangano iri. Nyika yega yega inosungirwa kuongorora mitemo yayo yembeu kuti ienderane nezvinodiwa nyika dzose. Izvi zvinoreva kuti dare remitemo yembeu renyika dzose rine simba kudarika hurumende yenyika imwe chete kana tichitaura nezvekuti imbeu ipi inogona kubuditswa yoshandiswa munharaunda yenyika dzacho.

Kuwiriranisa kunoita kuti pave nekutengeserana mbeu kwakakura uye pave nemakambani akazvimirira anouchika mbeu munyika dzinoverengeka. Izvi zuinoita kuti pave nemisika yokutengesera mbeu yakawanda kumakambani aya.

